


# SÈVIS NOU OFRI YO PI FASIL POU W JWENN KOUNYE A



## Liy Telefòn pou Sante Mantal 24/24, 7/7

Antanke yon pati nan Plan Sante Mantal eta Massachusetts la genyen ki pral dire plizyè ane a, Depatman Sante Mantal la responsab Liy Telefòn pou Sante Mantal la (BHHL ann anglè) ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7 nan **833-773-2445**. Yo te lanse I nan mwa janvye 2023 a. Liy Telefòn sa a fè evalyasyon pwofesyonèl, triyaj, ak rekòmandasyon lòt tretman pandan y ap pale avè w, sa gen ladan I voye ekip entèvansyon kriz mobil ki dosponib 24/24, 7/7, ki soti nan nouvo Sant Sante Mantal Kominotè yo. Gen èd ki disponib tout lè nan tout katye pou ni moun ki pale anglè, ni moun ki pa pale anglè. Liy telefòn nan gratis e w pa bezwen gen asirans.



## Sant Sante Mantal Kominotè yo (CBHC)

Gen Sant Sante Mantal Kominotè (CBHC ann anglè) atravè tout eta a ki disponib pou bay moun tretman bon kalite kou yo bezwen I, yon fason pou jere kondisyon sante mantal ak pwoblèm ki gen rapò ak abi dwòg, san wete randevou ki woutin, vizit ijans, ak èd pou kriz 24/24, 7/7, olye pou moun nan ale nan sal dijans lan nan yon lopital.

### Sèvis

CBHC yo bay sèvis ki vin apre yo an pèsòn e pa mwayen teknoloji:

- Evalyasyon ak aksè ak tretman nan menm jou a, avèk randevou pou fè suiv ki fèt atan
- Yo ouvè chak swa ak chak wikenn
- Swen sante mantal dijans
- Bonjan tretman pou kondisyon sante mantal ak pwoblèm ki gen rapò ak abi dwòg, san wete sèvis klinik ak sèvis sipò
- Èd lè gen kriz, nan men moun ki nan zòn ou an, 24/24, 7/7, ak ekip k deplase pou vin ede lè gen kriz
- Kabann pou stabilize moun ki an kriz

Sant sa yo sèvi moun tout laj e yo sèvi tout kominote ki nan eta a

Depatman Sante Mantal la (DMH) bay timoun, jèn, ak adilt ki rete Massachusetts ki gen pi gwo pwoblèm sante mantal yo sèvis siplemantè. Liy Telefòn nan ak Sant Sante Mantal yo pral ede DMH la akonpli misyon I genyen pou l ede tout moun ki rete Massachusetts yo jwenn sipò sante mantal yo bezwen.

**Aprann plis**  
[www.mass.gov/dmh](http://www.mass.gov/dmh)

Skane kòd QR la ak kamera w



MASSACHUSETTS  
**SANTE  
KONPÔTMANTAL  
LIY SEKOU**